ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№102 (22.260) • 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 5, гъубж • Тхъэмахуэм тхуэ кыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Унагъуэр зэхъуэкIыныгъэхэм я гъуджэщ

● КъБР-м и Парламентым

Республикэм законхэр кыдэзыгъэкI и органым и унэм идкьоблагъэ щекIуэкIащ унагъуэр зэтегъуэвэным, ар гъэбыдэным ехьэлIа Iуэхуэхэм щытепсэльыхьэ зэIуплIэшхуэ.

«УНАГЪУЭР зыхуэдэр нобэ жылагъуэм нIэ щытыкIэм елытащ, ауэ мыдрей и льэныкъэкIэ уеплъмэ, ар зыужьыныгъэр зыубзыху къаруу. Ди эманым щалэгъуалэр нэхъ щхьэмыгугъу, адэанэм нэхъ ящыгуГъ нэхъу, апхуэдэу унагъуэхэм зегъэужьыныжьыкIэ, щалэгъуалэр щыуагъэхэм щыхъумэныжьыкIэ программэ пыухыкIахэр щыIэхьым. Абы къыхэкIыу дэ иджыпсту нэхъ кууэ дегупсысыпхьэщ унагъащIэхэр гъуэгу тэмэм зэрытедгъэувэнум», - жиIащ Парламентым и Унафэщ1 **Чечеков Ануар** зэIуплIэр къыщыдэIуихым.

Псальэмакъым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, щыпIэ унафэр зезыгъаКIуэ органхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэр, щэныгъэлIхэр. ЗэIущIэм къыщыщыпсалъэм, КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щыхуэзэкIыжьыкIэ, щыхуэзэрегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я Iуэхуэхэмкl и комитетым и унафэщI **Хьэщхуэжь Татьянэ** я кьыхигъэщхьэхуэкIащ иужьрей илъэсхэм щалэгъуалэр унагъуэм зэреплъым псынщIэу зэрызихьэжьыкI. Иджыпсту щалэгъуалэр нэхъ зэгупсысыр кьулыкъукIэ дэкIуэтеинырщ, мылыку зэгъэпэщынырщ, абы кьыхэжьыу сабийкэр пIыныр гугъуехь лейуэ кьалытэу хуежьащ. ЩIалэгъуалэм я нэхъыбэм унагъуэ зэгъэпэщыныр кьалэн нэхъыщхьэхэм, ящыщу кьалытэжьыркъым. Къапщтэмэ, 2010 гъэм Урысей псом цIыхухэр, кьыдэзыщыхатхыкIам хиубыдэу КъБР-м Къэрал статистикэмкI и комитетым кьыта бжьыгъэхэм кьыдэзрагъэлъагъэуэмкI, зи ныбжьыр илъэс 15-м щегъэжьауэ илъэс 29-м нэсхэм ящыщу цIыхухьуу процент 70-м щIигъум зэи кьашакъым, цIыхубзу процент 55-м щIигъур зэи дэкIуакъым.

Хьэщхъужь Татьянэ зэрыжиIамкIэ, зэрыщыту кьэралми республикэми иджыпсту щыIэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу унагъащIэхэр зэрыхуэмыщIагъэр, абыхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етын зэрыхуейр. Зыхуейр хуэзэу, зэIуэпэщу псэу унагъуэхэм кьэралми жылагъуэми гулыьтэ хуащIыжьыкрыкъым. ЩIалэгъуалэм кьагурыгIэуIапхъэщ гъащIэм и сыт хуэдэ гугъуехьми унагъуэ зиIэхэр нэхъ зэрыпэщIэтыфыр. Апхуэдэу егупсысыпхьэщ зэрышагъащIэхэм япэрей илъэси 3 - 5-м кьриубыдэу зэрадзIэпыкъун кьэрал программэ зэхэлъхьэным.

Республикэм и Правительствэр унагъащIэхэм зэрадзIэпыкъум тепсэльыхьащ лэжьыгъэмрэ социальнэ эуэ-жьыныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ **Къущхьэ Равидэ.** Иджыпсту сабий куэд **Равидэ** унагъуэхэм зэрадзIэпыкъу ахъшэр, субсидиехэр ирикъуу икIи и зэманым кьриубыдэу ират. Апхуэдэу балигъыпIэ имыувахэм зэпымыууэ я нэIэ тетщ социальнэ Iуэхущ1апIэхэм.

ЗАГС-мкIэ управленэм и унафэщI **ПIаз Юлие** зэрыжиIамкIэ, социально-экономикэ мрэзгорозхэр эхъалъхьэн, унагъуэм хуэгъэзауэ къэралым иригъэкIуэкI политикэр яубыхуэн папщIэ зыхуэфащэ анализэхэр ирагъэкIуэкIыпхьэщ. Абы папщIэ псом япэу къагъэсэбэпэыр ЗАГС-м и Iуэхущ1апIэхэм зэхуэдизкIэ бжьыгъэхэр. Апхуэдэ бжьыгъэхэр ирикъуу яIэн папщIэ, къэпсэльам кьыхэзрилъытэмкIэ, иджыпсту мы Iуэхущ1апIэм зэхуихьэсхэм сатыр пыухыкIахэр щыгъуэжь, зэрышхэр щылажьэ щыпIэмрэ яIыгъ кьулыкъумрэ, кьыхьыкIа лъэпкыкыр, нэгъуэщIхэри ятхын хуейщ. Абы унагъуэм теухуа аналитикэ лэжьыгъэр нэрылъагъуу иригъэфIэкIуэнущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).



Псыр къаутIыпщыж

2012 гъэм и накъыгъэ мазэм КъБР-м и Iэтащхьэм и Интернет Iуэхущ1апIэм тхыгъэ 234-рэ кьыIэрыхьащ. Абыхэм ящыщу 70-р псэупIэ Iуэхуэхэм, 23-р псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм, 48-р егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, лэжьапIэ зэгъэпэщыным ехьэлIащ, 22-р щIыпIэ унафэр зэрызрагъакIуэм, лэжьапщIэ зэратым, щIыхуэхэм гу зылъата мыхъумыщIагъэхэм ятеухуащ. Тхыгъэ 14-м кьыхощ зэфIэгъэкIыпхьэу кьалытэхэр, щIыхуи 4-м КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ кьыхуащI.

Тхыгъэхэм ящыщ зыр, кьапщтэмэ, тепсэльыхьыкрт Аруан къуажэм пэмыжжьжьэу щыIэ хадэ щIапIэхэм псыр зэрыщызэпэуфыдам. Хадэ зезыхьэхэм кьагъэсэбэпыр Аруан псым кьыхэкI кIэнэуэм кьрижэрщ. Ауэ абы кьрикIуэ псыр жэщым фIэкIа кьаутIыпщыркъым.

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ мэзищ Iуэхур зэхагъэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэхэм. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ псыр мащIэ мэхъу, ар Шэрэдж ГЭС гупыр зыгъэлажь псы хьуманIэм зэрырагъэпъадэм кьыхэкIыу. Ауэ накъыгъэм щегъэжьауэ фокIадэм нэсыху псыр жэщми махуэми дачэ щIапIэхэм макIуэ.

Кьанокъуэ Арсен хуэгъэзэ фIыщIэ псальэхэр итщ Ислъэмей къуажэм щыпсэухэм ящыщ зым кьитгъэхьа тхыгъэм. Ар езыр ныкъуэдыкъыжщи, кьишхуну мылку зэрыбгъэдэмылым кьыхэкIыу республикэм и Iэтащхьэм кьельIуэу ныгтащ комплексэу тыгъэ хуищIыну. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и тыгъэр кьыхьыуэхьам сэ апхуэдизкIэ сыщыгуфIыкIати, жысIэныр сымыщIэу сыкъэнат», - кьетх абы.

ДЕРБИТ Къазбэч,
КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэм

«Налшык Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэщ» фестивалым хыхьэу, мэкъуауэгъуэм и 7-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ Светланов Евгений и цIэр зезыхьэ Урысей къэрал академическэ симфоние оркестрым и концерт. Иджы япэу Налшык къакIуэу ираш макъымэ щэнхабзэм и щIэр иIэту ильэс 75-рэ хъуауэ лажьэ гупыр.

СВЕТЛАНОВ Евгений и унафэм щыщIэта 1965 - 2000 гъэхэм оркестрыр дуней псом щыщIэрыIуэ, щынэхъыфI симфоние гупхэм ящыщ зы хъуащ. Абы егъэзащIэ урыс макъамэхэмрэ къухьэпIэ къэралхэм я классик композиторхэм я Iэдакъэщ1экIхэмрэ, композитор ныбжьыщIэхэм я лажьыгъэ куэд.

Къэрал оркестрым и пшыхьэр щекIуэкIащ дуней псом и пэш нэхъ щIэрыIуэ дыдэхэм. Абыхэм ящыщ Москва консерваторэм и пэшышхэр, Чайковскэм и цIэр зезыхьэ концерт залыр (Москва), Карнеги-хол, Эвери-Фишер-холл (Нью-Йорк), МюзикфейрIн (Венэ), Альберт-холл (Лондон), Плейель (Париж), Сантори-холл (Токио) Iуэхущ1апIэхэр, Вашингтон и Кеннеди-центрыр, «Колон» цIыхубэ оперэ театрыр (Буэнос-Айрес), нэгъэщIхэри.

Налшык щекIуэкIынущ концертым щыIунущ урыс композитор щIэрыIуэхэу Рахманиновым и Чайковскэм и я Iэдакъэщ1экIхэр. Дирижерыр дуней псо зэхъэзэхуэхэм я лауреат Богарад Алексей, уэрэд жызыIэнур Москва къэрал филармоним и музыкант гъуэзэджэ, эпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуа Копаческий Филиппщ.

Классикэ макъамэр фIыщ я зылъагъу ди цIыхухэм я дежкIэ хъыбар гуапащ Пятницкий М. Е. и цIэр зезыхьэ Урысей къэрал академическэ урыс цIыхубэ хорым и концерт мыгувэу зэрыщыIэнури. Гупыр Налшык къэкIуэнущ фокIадэ мазэм.

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, «Налшык Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэщ» фестивальр 2011 гъэм и бжьыхьэм ирахьожьа Iуэху дахэщ. Ар кьызэзыгъэпэщахэм я мурад нэхъыщхьэр ди республикэм щыпсэухэр дунейпсо, урысей макъамэ щэнхабзэм нэхъ гъунэгъу хуэщIынырщ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм республикэм щыпсэухэр фестивалым ирегъэблагъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм.

Мажейкэ и чэнджэщхэр

Мэкъуауэгъуэм и 4, 5 мазхуэхэм Налшык щыхьащIэ Телевиденэмрэ радиомрэ я дунейпсо евразие академием и вице-президент, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик, УФ-м и Къэрал чэнджэщгъу, профессор, журналист цIэрыIуэ Мажейкэ Кипрас. КъБР-м ХьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ и комитетымрэ Бэрбэч ХьэтIутэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ ар къэрагъэблагъащ хъыбарегъащIэ Iэнат1эм щылажьэхэмрэ апхуэдэ Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтхэмрэ хуигъэзэн, ирагъэпсэльэн папщIэ.

● ЗэIущIэхэр

США-м, Европэм, Африкэм, Сингапурым, Японием цIыхухэр зэрыщыпсэур Совет телевизорепльым я пащхьэ кьызыхьа ягэ репортерщ Мажейкэ. ЦIыху цIэрыIуэхэу Киссинджер Генри, Бжезинский Збигнев, Каддафи Муаммар, Хьюстон Уитни, Торрес Долитэ сымэ епсэльэну тегушхуа ягэ журналистщ. Аращ телевизионнэ кIэнтIыни и фIэщыгъэм зи цIэ-унэцIэр ягэу хэзыгъэхьэфащ. Апхуэдэ «ягэхэр» куэд мэхъу, зи Iэщ1агъэм кьыхуигъэщIа цIыхум и щэфIэкIыр инщи.

Кьызэрагъэпэща семинарым и ягэ зэIуплIэр дыгуаесэ физико-математикэ факультетым щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIат корреспондентхэр, редакторхэр, режиссерхэр, телеоператорхэр, сурэттехэхр, апхуэдэуи КъБКъУ-м и гъуаджэхэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнат1эхэмкIэ и факультетым, филологиемкIэ институтым я студентхэр, нэгъэщIэгъэн. КъБР-м Хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин зэIущIэр кьызэIуихащ, кьызэхуэсахэм хьэщIэр яригъэщIыхури, утыкур Мажейкэ Кипрас хуит хуищIащ.

Хьэщ1эм фIыщIэ яхуищIащ къэзыгъэблагъэахэм, зэIущIэр кьызэзыгъэпэщахэм. Тхъэмахуэ пщыхьэщхьэм зэкIуэтауэ Налшык къэса москвадэсым фIэгъэщIэгъуэн хъуащ къалэм и теплъэр, зэрыкъабзэр, фэеплъу дэтым я куэдагъыр. Зи хъыбар куэд зэхиха Iуащхьэмахуи, Шэджэм псыкъелъэхэри, Гуэл щхьуантIэхэри, шэч хэмылъу, хьэщIэр зыIэпызыщ1.

- Сыныбжьуапсэ мыпхуэдизу щхьуантIагъэм хэс фэ, хуиту лъэрыжкIэ кьэвжьихьыну Iэмал фызэриIэм, щIыуэпсым я нэхъ дахэмрэ я нэхъ кьулеймрэ «фи Iэгум» зэрильым щхьэкIэ. ЩIыпIэ куэд сльэгъуащ сэ, ауэ я нэхъ кьулеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым дахагъэкIэ ифофэгъуэкI, - жиIащ Мажейкэ Кипрас.

КъызэтекIухьа Iуэхум теухуауэ абы кьыхигъэщащ журналистым хэльын хуей хьэл-щэнхэм я нэхъыщхьэхэр. Псальэм папщIэ, апхуэдэщ радиом и лэжьакIуэм иригъэкIуэкI нэтыныр телевиденэм щхьэкIи кьыгъэсэбэпу, газетым папщIэ тIысрэ итхьыжьфу щытыныр. Журналистым щыIэныпхъэщ и лэжьыгъэм кьыщыхуэсэбэпыну сыт хуэдэ Iуэхуми: сурэт, видео техьыным, ахэри тхьэтIуэтэну Iэмал щыдгIэ институтым я студентхэр, нэгъэщIэхэми. Куэдым кьагурыIуэ бзэкIэ жыпIэмэ, мультимедийность жыхуэтIэр. Журналистым и закъуэ нэтыныр иримыгъэкIуэкIыу абы цIыхубэри кьыхигъэпсэльыхьыфыным (интерактивность) нэтыным и пщIэр кьызэриIэтынум щэч хэлъкъым. А Iэмалыр нэхъ тэмэму кьыщыпхуэгъэсэбэпынур занщIэу эфирым кIуэ нэтынхэм я деж.

- Ди жагъуэ хъунми, ди гуапэ тщIынми тщIэркъым, ауэ журналистхэм папщIэ зы хабзэ убзыхуа щыIэкъым. дохутырхэм «зэран умыхъу» Iуэху бгъэдыхьэкIэм я лажьыгъэр зэрытращIыхьым ещхьу. Ди Iуэху еллыжкIэр хуэхъуэтэну Iэмал щыдгIэ зэманым ирихьэлIэу, жытIэр зэхэзыхьн хуейкэр тхьэкIумэжьажь хъуамэ, сыт тщIэнур? Ар упщIэ гугъущ, ауэ хэкIыпIэ кьызыхуэпъыхъэпхъщ, - жиIащ Мажейкэ Кипрас.

Студентхэр хьэщIэм и псальэхэм зэрыдахьэхыр наIуэт. КьызэреупщIым и жэуап ят къудей мыхъуу, езыхэми яфIэгъэщIэгъэнхэм щIэупщIэрт.

Нобэ Мажейкэ зэIуплIэ щхьэхуэ ядригъэкIуэкIынущ телевиденэм и лэжьакIуэхэм. Абы кьыхэкIуэрщ ягитащ хьэрычэтыщIэ пашэхэуэ Дэшхэ Владимирэ Хьэсэнрэ, Красюк Людмилэ, ЩIанкIэхэ Ираидэрэ Мухьэмэдрэ, Блохин Андрей, Абазэхэ Заур сымэ.

Журналист цIэрыIуэ Мажейкэ Кипрас.

● Хъуэхъу

Хьэту Жамболэт илъэс 50 ирокъу

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр Кубаным и къэрал, политикэ къулыкъущIэ цIэрыIуэ, Успен куеймрэ Армавирэ Соч къалэхэмрэ я Iэтащхьэу щыта, Краснодар крайм и губернаторым и япэ кьуэдзэ **Хьэту Жамболэт** я гуапэу щыIэкъым 50 зэрырикъуам кьыхэкIыу.

Уи гъащIэр кIыхьу, узыншагъэр уи бэу, лъэпкъымрэ Хэкъымрэ хьэлэлу уахуэлажьэу, нэхьыкьхэм урачэнджэщэгъурэ щIэлэм уращапхэу, унагъуэ лъэщ уи щIыбагъ кьыдэту илъэс куэдкIэ Тхъэм утхуигъэпсэу!

Дунейм и щытыкIэнур

Хьэршым игъэльэтэнущ

Ираным зыхъумэжьыгъэмкIэ и министр Махмуд Ахьмэд дыгуаесэ зэрыжиIамкIэ, а къэралым щахъуэ космодромыщIэр мыгувэу хьэзыр хъунущ. Абы фIащынущ Ислъам Республикэр къызэгъэзэжащэу щыта аятолла Рухолла Мусави Хомейни и цIэр.

Министрым къызэригъэльэгъуэамкIэ, космодромыр ухуэным пыщIа дежьыгъэхэм я процент 80-р зэфIэкIащ. Мыгувэу абы хьэршым аутIыпщынущ Ираным щызэпэкъраль хьа спутникэр, ислъам къэралгъуэхэм папщIэ хьэрычэтыщIэ хьэрш аппаратхэр. Ягъэ хьэршым яутIыпщынущ спутникым фIащащ «Толу». Вахиди Ахьмэд къигъэльэгъуэкIыным Ираным и космодромыщIэр здэщIыпIэр.

Илъэсипщ1 тIогъуэнэгъуэм кьрибыдэу хьэршым щыIэу иутIыпщынущ Ираным и мурадщ.

Дечыхри, ягуроIуэ

Японием и правительствэм и унафэщI Нод Ёсихикэ щыгъуэ Токио щригъэжьугъэ пресс-конференцым кьыщигъэльэгъуащ кабинетымщIэм хаха министрэм я щIэунэмIэхэр.

ЗэуIуу министри 5 яхьуэжащ, зыхъумэжьанигъэмкIэ Iэтащхьэри хиубыдэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ властым худи чыхащ оппозицэм и кьару нэхьыщхьэм - либерал-демократ партым. IуагъэкIа министри 5-ри а партым игъэкъуащIэрт зыпэрыт Iэнат1эм зэрыхамыщIыкIымкIэ. Иджы премьер Нод Ёсихикэ мэгугъэ правительствэм кьыщыхилъхьэ законхэм я проектхэр парламентым нэхъ тыншу щыпхьыкIыу, къэралым тепъ щыхуэшхуэм нэхъ псынщIэу икIи куэду хуэхъгъэщIыну.

Зыри пэплъакъым зыхъумэжьанигъэмкIэ министру илъэс 71-рэ зи ныбжь, парт гуэрми хэмыт, «Такусену» университетым и профессор Мориметэ Сатои ягъэувыну. Абы ВВС-м офицеру дзэм кьулыкъу щиплъэу щытащ. МИД-ми щылэжьащ, телевизтынхэм зэрызэтым и фIыгъэкI, къэралым фIыуэ кьыщащIыху. Властыр зыIэщIэль партым хэмыту, политикэ кьулыкъущ1э пэрмыкту, нобэр кьызджьым зыри Японием зыхъумэжьанигъэмкIэ и министр хуфатэкъым.

ЩIыхьейхэр увыIэркъым

Италием и Эмилие-Романье куейм вэсэмахуэ щыгъэхьэщIэм щIыпхьэщIэм балли 5,1-рэ и льэщагъыу. Абы и кьежьапIэр хуэзащ Моден, Мантовэ щIыпIэхэм. Зыри хэкIуэдакъым, ущ1 кьхьаэ зыбжанэ зэтещхэ мыхъумэ. Псэущ1э ямыIэу щыкIащ щIыхь мин 14.

Италием и щIыналъэ псоми дыгуаесэ щахуэщIыгъуащ къэралым и ищхьэрэ льэныкъуэмкIэ километр 361-кIэ пэжьжьэу хъу Хуэмым километри 9,7-рэ и куэгъэну кьыщежьащ. ХэкIуэдахэм, зэтрикъутахэм ятеухуа хьыбар къатыркъым, хъу Хуэмым и толькъуныр егъэдеяуэ къэуэкъубеину хуатхэщащэ.

Хамэ дунейм кратыкIыуи?

Австралием щыIэ Кертин университетым радиоастрономиемкIэ и дунейпсо центрым и щIэныгъэлIхэр аргуэру ящыщ ихьащ щэхуэщI дунейхэм кьыкIыу хъэршым кьыщыIу радиосигналхэр «кьуабыдыну».

Ахэр щIэдэIуащ GJ 581 вагъуэ системэм хиубыдэ планетэу тIум я «макьым». Абыхэм зызыужьа гъащIэ щыIэу хуагъэфащэ щхьэкIэ, щэныгъэлIхэм кьайхьулIакъым а системэм кьикI сигнал Iэрыщ1хэр кьагъуэтыну.

GJ 581-м хеубыдэ планети 4, абы щыщу 2-р Дыгъэм ЩIым хуэдэу пэгъунэгъущи, гъащIи щыIэн хуейуэ хуагъэфащэ. 2007 гъэм и мэкъуаузэгъуэм а планетэм едэIуат мегагерц 1230 - 1544-хэм кьитIасэу икIи хамэ дунейхэм я цивилизацэхэм кьаутIыпща радиосигналу 222-рэ «кьуабыдат». АрщхьэкIэ а бжьыгъэм кьыхэкIакъым GJ 581-м и системэм кратыкIауэ зы сигнали, уеблэмэ а сигнал 222-м я кььежьапIэхэри кьахуэхутакъым.

НОБЭ

ᴜ Дыкъэзыкъуреихь дунейр хьэмэным и дунейпсо мазущ

ᴜ Экологым и махуэщ

ᴜ Дание Пащтыхьыгъуэм и льэпкъ гуфIэгъэущ - я Конституцэр 1849 гъэм кьащтащ.

ᴜ 1967 гъэм Израилым махуэх зауэр ярищIылIащ Мысырым, Сирием, Иорданием, Ираким, Алжирым.

ᴜ Мэкъуауэгъуэм и 5 - 8-хэм Нью-Йоркэ щыIэхэтынущ ООН-м и Сабий фондым (ЮНИСЕФ) и гъэзэщIакIуэ советым и зэIущI.

ᴜ Мэкъуауэгъуэм и 5 - 6-хэм Москва, «Савой» хьэщIэ-щым, щекIуэкIынущ кьэщIэрэщIэж энергетикэмрэ энергокъарууфIагъымкIэ дунейпсо зэхьыхэ.

ᴜ 1945 гъэм Iэ щIадзащ Германиер зауэм зэрыщыхагъэщIам, абы и власть иэхьыщхьэм и кьалинэр СССР-м, США-м, Инджылызым, Франдзым зэрагъэзэщIэнум теухуа Декларацэм.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриты кIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-тех Iэу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 21-рэ щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 25-м, кьуэхьэмкIэ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 42-м.

Хьэуам и псыIагъыр кьитIасэнущ процент 68 - 88-м.

Нэхъыгъэ лъэхъэхьэмрэ ГъУПIО Зарифэ.

Льэпкъ Iущыгъэ:

Ущымытхъущэ - пхуэгъбжынкъым.

Сыткlи доIэпыкъу

● Прохладнэ

Прохладнэ къалэ округым щыIналъэ администрацэм и деж хьэрычэт Iуэхумкlэ щыIэ советым и зи чэзу зэIущIэр Урысей хьэрычэтыщIэм и махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIащ.

ЗЫПЭРЫТ Iуэхум зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм, муниципальнэ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхащIыхьым папщIэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Пархоменкэ Юлие фIыщIэ тхыльхэр яритащ хьэрычэтыщIэ пашэхэу Дэшхэ Владимирэ Хьэсэнрэ, Красюк Людмилэ, ЩIанкIэхэ Ираидэрэ Мухьэмэдрэ, Блохин Андрей, Абазэхэ Заур сымэ.

Иджыпсту Прохладнэ къалэ округым щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу 1800-м щIигъу, хьэрычэт Iуэхущ1апIэ мыинрэ курыту 400 хуэдиз щыIэщ. Хьэрычэтыщ1эхэр еджапIэхэм, сабий садхэм здолэпыкъу унэхэр зэгъэпэщыжьынымкIэ, зыхуеину унэльащIэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къэщэхуныкIэ. Апхуэдэу ахэр гуфIэгъэущ Iуэхуэхэми жыдджэу хэтщ икIи ахэр егъэкIуэкIыным езыхэм я мылъку халъхьэ.

Къапщтэмэ, дыэзэрыт илъэсым къалэм къыщызэрагъэпэща Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуахэщ Бэшорэ Хь. Т., Дэш В. А. («РБС» ОАО), Заставский Е. А. («Эльф» такси), Алиев С. В. («Круиз плюс» такси), Дьяченкэ Д. В. («Виктория» такси), Емельяновэ А. («Планета праздника»), Светиков В. Т. («Силуэт» ООО), Шаповалов С. В. («Морозко» ООО), Жамбэч А. А. («Монитор» ООО), Громыкэ С. Х. («Прохладнэ» сату унэ»), нэгъэущIхэри.

Цыхухэм фIыщIэ ин хуащI къаларэ зыхуей-зыхуэфIхэм я нэIэ тезыгъэт хьэрычэт лэжьакIуэхэм. Прохладнэ къалэм мы зэманым псынщIэу зеужь, ущыпсэуну, ущылажьэну нэхъ тынш мэхъу.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Унагъуэр зэхъуэкІынытъэхэм я гъуджэщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1 нэ мап.).

КъБР-м и Правительствомэр Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым этнологиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Сэбанщы Любэ зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ республикэм и едакІуэ нэхъыщхьэ 6-м щІэс студентхэм ящыщу 1600-м зэрахэупщІыхьам кьэрикІуахэм. Лъэпкъыбэ хэщІащ, зэупщІахэм ящыщу 1034-р адыгэщ, 283-р балькъэрщ, 150-р урысщ, 133-р нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІащ. Ар ІоэзэгъэкІ республикэм и студентхэр, кІыхьыжкІа лъэпкъхэм зэтеІэлІыкІыу я къащІтэмэ, зэрыхъуэм, ЩІалэгъуалэм иратар унагъуэм, нэчыхьым теухуа упщІэхэр.

Жэуапхэм кІыхьэрагъэлъэгъуамкІэ, Налшык и студентхэм кьанэ щІагъуэ щымыІэу бын зрагъэгъуэтыну я мурадщ. ЗэупщІахэм я ІэхъуапІэм ІуэгуфІыкІ. Ар щІэныгъэм зэрыгъэгъуэтыжыр ІуэрІуэ. Ы сабийм кІыщІыкІыу зи мурадхэр процентиз 6,6-рэщ. ЗэупщІахэм ящыщу процент 22,3-м дэльхуи щыпхьуи яІэкъым икІи езыхэм ар яфІэтэмэмкъым. «АрщхьэкІэ, - жиІащ Сэбанщы Любэ, - гъащІэм дызыщрихьэлІэр я гъэгъущІ. Удымыдзэу пхужьІыну я адэ-анэхэм ахэр бын бжьгъэкІэ зэращхьэщыщмыкІынур».

Къэбэрдей-Балькъэрым и студентхэр сабийкэр гъэсэным зэреплъым щІэуэ зыри хэпльагъуэркъым. Абыхэм кІыщзэралытэмкІэ, щІэблэр лэжьыгъэм хуэжану, нэхъыжьхэм пщІэ хуащІу гъэсэгъэнхьыр, Абы кьыдэкІуэр гъащІэм нэхъ хуэщІауэ, тегушхуэныгъэ яхэлъу, хьыджэбз цІыкІуэр щэныфІэу, жьІэдалуэу пІын хуейуэ кьалытэ.

Ауэ щІалэгъуалэм зэрахэупщІыхьам, адрей псоми кьадэжІуэу, кІыгъэлъэгъащ хабзэм и мыхьэнэр, благъэгъэ нэхъ Іасхьэ хІууэ зэрыкуэжаир. Студентхэм я нэхъыбэм жаІащ зэрыща нэужь адэ-анэм кьахэкІмэ нэхъ кІыхьэращтэр.

ЗэІущІэм хэтахэм чэнджэщ пыухыкІахэр кьащтащ. Кьапщтэмэ, кьэрал властым и органхэм, республикэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и органхэм ечэнджэщащ адэ-анэхэм ядэпэжьэн ІэщІагъэлІэхэр ягъэхьэзырыну, я щІэныгъэм хагъэхьэуну. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, КъБР-м Жыларуэу, дин зэгухьэныгъэхэм я ІуэхуэхэмкІ и кьэрал комитетым яхуэгъэзэ чэнджэщым кІыщІыгъэльэгъуащ затум пымыщІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, адэ-анэхэм я зэгухьэныгъэхэм зэрахуэгъэфІэкІыкІэ зэщІагъэкъуэну.

ЗэІущІэм хэтахэм КъБР-м и Парламентым, ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІыхуэ я хьыбарегъащІэ Іуэхуэщ1ап1эхэм я Іуэхуэхэмкі эбы и комитетым фІыщІэ хуащІащ кІыпхъуэр зэхьыхьыжьуэ зэрыгъэпэщащ, лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхум хуэфэщэн гульытэ зэрэхуащІым папщІэ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер 1992 гъэм кьыдэрагъэпэщауэ щытащ. Иджыпту абы хэтщ щы хъурейм щыщІэрыІуэ еджагъэшхуэу 326-рэ. Академием къудамэу 9 нІэщ, абы щІэныгъэ центру 5 еплащ, и Іуэхущ1ап1эхэр щыІэщ Абхъазым, Израильм, Йорданием.

ЩІДАА-м хэт еджагъэшхуэхэм щІэныгъэм ехъулІэныгъэ инхэр щызыІэрагъэхьащ, абыхэм ящыщ куэдым Урысей Федерацэм, абы и зэхуэгуэхэм я кІэрат дамыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ. Ар и щыхьэтщ академием хэт щІэныгъэлІэхэм я кІаруи я зэфІэкІи кьэралым и экономикэ, социальнэ Іуэхугъэшхуэхэр зэфІэхыным зэрахуауэнэтІыр. Си гуфІэкІэ, къэралым щыпсэу адыгэ ПІакъуэхэм я къахэлІуэ щызхабзэм, литературэм, щІэныгъэм зи гуащІэр кьэзыгъэпсахэм зэгуэсу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ купщІафІэм зи фейдэ хэпльаг Кавказ Ищхъэрэм и зэкъуакъым, атІэ ар кьахуэщхьэпэнущ нэгъуэщІ хэгъуэгуэхэми, уеблэмэ кьэралыгъуэ щхьэхуэхэмкІи. Апхуэдэ мурадыр зригъэхъулІэныжкІэ �щІДАА-м зэфІигъэкІыр мащІэкъым икІи и пщ кьыдэхуэ жэуапльныныгъэр зыхиІэу кьэкІуэнчм хуэгъэжьэну ІуэхуэгъэущІэхэр адэжкІи еубзыхуэ.

Сэ сызиунафэщІ, «Шымрэ агроцщэнхабзэмрэ» кьудамэм нэкъуэщІ Іэнатім зиужьыныжкІэ лэжьыгъэщхуэ зэ-фІегъэкІ. Я кьалэнхэр нэсу ягъэзащІэу абы щоладжьэ Шыдакъ Рашид, Хъущт Юрэ, Къумахуэ Владимир сымэ.

Кьапщтэмэ, Шыдакъ Рашид ящыщщ Урысейм и жылагъэхІ пажхэм, УФ-м и къэралыгъэм и къэрал парламентым и ІэнатІэ зиужьыныжкІэ лэжьыгъэщхуэ зэ-фІегъэкІ. Я кьалэнхэр нэсу ягъэзащІэу абы щоладжьэ Шыдакъ Рашид, Хъущт Юрэ, Къумахуэ Владимир сымэ.

Кьапщтэмэ, Шыдакъ Рашид ящыщщ Урысейм и жылагъэхІ пажхэм, УФ-м и къэралыгъэм и къэрал парламентым и ІэнатІэ зиужьыныжкІэ лэжьыгъэщхуэ зэхьыхьыжьуэ зэІущІэм хэтахэм я ІуэхуэгъэущІэхэм я ІуэхуэгъэущІэхэр адэжкІи еубзыхуэ.

Сэ сызиунафэщІ, «Шымрэ агроцщэнхабзэмрэ» кьудамэм нэкъуэщІ Іэнатім зиужьныжкІэ лэжьыгъэщхуэ зэ-фІегъэкІ. Я кьалэнхэр нэсу ягъэзащІэу абы щоладжьэ Шыдакъ Рашид, Хъущт Юрэ, Къумахуэ Владимир сымэ.

Кьапщтэмэ, Шыдакъ Рашид ящыщщ Урысейм и жылагъэхІ пажхэм, УФ-м и къэралыгъэм и къэрал парламентым и ІэнатІэ зиужьныжкІэ лэжьыгъэщхуэ зэхьыхьыжьуэ зэІущІэм хэтах

Адыгэ тхакIуэ щэджащэ

Мы гъэм илъэси 110-рэ ирокъу адыгэ тхакIуэ щэджащэ КIэрашэ Тембот Мыхьэмэт и къэбар къызэрыкIуа. Тембот лъэпкъкIэ къэбар дгъэдгъэ адыгэщ, къыщалъхуар Адыгейм щыщ Куэшхьэбле хъуажэрац.

Хэку зауэшхыэм и зэманым Тембот Налшык къэкIуэжауэ щытащ щылэжьэн щхьэкIэ, ауэ и Iуэхуф зэхуэмыхьуф, Мейкъуапэ игъэзэжьын хуей хъущ. Абы щыгъуэщ «Гъуэгу фIэфIкIэ» очеркышхуэр щитхаф - ар зытеухуар партизанхэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм драгъэкIуэкIа бзэныгъэрац.

КIэрашэ Тембот и къалэмыпэм къыщIэкIащ «Гъуэгу насыпыфIэ», «Шу закъуэ», «КIукIуэ» романхэр, «Абрэдж», «Шыхъуэм и лъыцIэжькIэ», «Шапсыгъ пщащэ» повестхэр, хъыбар хъэзэмэт куэд. «Гъуэгу насыпыфIэ» романым папщIэ тхакIуэм 1948 гъэм къратащ СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат.

Щыгъуэзэ фыдоцI Тембот и новеллэ щIэрыIуэм - «ГъуэщIыпсэ» («Абзэзэхэ щакIуэжь»).

ТхакIуэр 1988 гъэм дунейм ехыжащ.

ГЪУЭЩIЫПСЭ

КIЭРАШЭ Тембот, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат

1

ЖАМБОЛЭТ зи щIэ лIы Iэджэ исагъэнщI пщащэм, - сэ уэ фызы сыпхуэхъунукъыми, аращ. Сэ лIы схуэхъунур и фочрэ и фIанэрэ зэдиIыбгыу губгъуэм ихьэрщ: зауэхуэмэ, и фIанэр игъэтIылъэрэ зауэм Iухьэу, зауэм кьыIуэкIжмэ, и фIанэр кьиштэкIрэ и Iуэхум еввэлIэжу. Апхуэдэщ сэ лIы схуэхъунур.

Уэрэдми мыпхуэдэу халхьхэжыгъащ ар:

Хьыдыжьей джабэр
кьыбоГъэнэху,
Хьэщацэ дахэ!

БзэгъэкIуэ Жамболэти, абзэзэхэ щакIуэ цIэрыIуэм и щытхъу щыжиIэкIэ, а гуращэ щэхур кьуэлIт. «ГъущIипсэ Абзэзэхэм щалъытэ, и псалъэ цIыхум хозагъэ. Жилэм епцIыжырыбзыкъ, щIыху- гъэ хэпщI. Благъэ тхуэхъумэ, мылькукIэ кьыдэтхьэхмэ, гуэзвэгъуэ кьыщытIупльэскIэ, Абзэзэхэр дэIэпыкIуэгъэ кьыгъуэщIыфIыпуф», - арат Жамболэтыпщым эпщIыр эщIэр.

Дунейр щэрхщIэ, мэкIэрахьэ. Жамболэтыпщым и кьуажэр Лабэ пэмыжьыжьэу Хуарэз Iуфэ Iуст. Бжьыкьэпэ пщэдджьжь гуэрым нэтIуей дзэшхэу, Лабэ кьыIэпрыкIри, Жамболэтым и жылэм кьыпэтIысац.

Нэхущым деж нэгъуей дзэпщым и лIыкIуэхэр, адыгэбзэ эщIэ эрмэщи ящIыгъу, кьуажэм кьыдыхьащ. Дзэпщым кьатпуфыдыр кьажаIац лIыкIуэхэм: хьыджэбзищэ, щIалищэ, шы мин, былымуи апхуэдизэ. Пальэу кьаритри мы бжьыкьэращ. Бжьыкьэм фIагъэкIмэ, жылэр зэрипхъуэнуц. Кьапмубыдыр зэщIыр эщIэр.

Дунейр щэрхщIэ, мэкIэрахьэ. Жамболэтыпщым и кьуажэр Лабэ пэмыжьыжьэу Хуарэз Iуфэ Iуст. Бжьыкьэпэ пщэдджьжь гуэрым нэтIуей дзэшхэу, Лабэ кьыIэпрыкIри, Жамболэтым и жылэм кьыпэтIысац.

Нэхущым деж нэгъуей дзэпщым и лIыкIуэхэр, адыгэбзэ эщIэ эрмэщи ящIыгъу, кьуажэм кьыдыхьащ. Дзэпщым кьатпуфыдыр кьажаIац лIыкIуэхэм: хьыджэбзищэ, щIалищэ, шы мин, былымуи апхуэдизэ. Пальэу кьаритри мы бжьыкьэращ. Бжьыкьэм фIагъэкIмэ, жылэр зэрипхъуэнуц. Кьапмубыдыр эщIэр.

Биидзэр кьащIыхьыхьэкIэ, дэIэпыкъуэгъуэкIэ эщIыгучгъын гъынэгъу кIэмыргуейхэм яIакъым. Нэхъ я благъэр бжьэдыгъуэхэрати, бжьэдыгъущIэм я жагъуэтэкъым, мобыхэм я кьарур зауэм щIихмэ. Абы щхьэ дынэсрэ, езы кIэмыргуеипщхэм я Iугъуэ зэрыязэдикI щIагъуэ щыIакъым, махуаем деж я щIыб эхъуагъэзэжьын кьыхэфIэнэнутэкъым. Щхьэж и щхьэ зэрыхихыным пыIпащ, армыхъу лъэпкъ псом и Iуэху зэрыджэкIыным елIэлакъым.

Адыгэ хэкум тхьэмыщкIагъэ кьылыкIсмэ, лъэпкъ зэхэдз ямыщIу лъы зыгъажэу щыIар щапсыгъхэмрэ абзэзэхэмрэщ. Ахэр пщы унафэ щIэттэкIыным, цIыхубэм и унафэр езым и Iэмыщ1э иIыжкIт. ИтIани щапсыгъхэр кIэмыргуейхэм тыншу яIыгъыгъуейхэм - абыхэм я эхуакку бжьэдыгъупщхэр дэст. Абзэзэхэм я закъуэт махуаем деж кIэмыргуейхэм дэIэпыкъуэгъуэкIэ эщIыгучгъыну кьахуэнэжьыр. Зэуэн хуей хьумэ, абзэзэхэм, щуудэмэ пъэсдзэми, зауэлI мин щэщI хэущIэ ягъэувыфырт.

Абзэзэхэхэр я Iэмыщ1э ирабубдэну е ягъэIурыщIэну кIэмыргуеипщхэм яIъэкIыныгъэкIымблагъэ я кьащIын фIэкIа, нэгъуэщкIэ я ужь ихьэфынутэкъым. АрщхьэкIэ, насыпышагъэ я кьащIыпькъуэкIым деж дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу фIэкIа, абзэзэхэхэр кIэмыргуеипщхэм я жьэ я кьащIуэртэкъым. Пщыхэм лей зрах Iэджэ екIуэлIэжырт абзэзэхэхэм. Абыхэм кьащхьэщIыжу, абзэзэхэхэр мыхэ-мыIэу кIэмыргуеипщхэм ныкъуэкъуэгъу яхуэхъурт. Абы щхьэкIэ къамыгъанэу, кIэмыргуеипщхэр я гъунэгъуэм я благъагъэ лъыхъуэ зэпытт, кьан кьыIахыну, кьан ирагъэпIыну щIэжьхэрт; абзэзэхэхэм, мохэр зэщIэр ящIэрти, зытрагъэхьэртэкьым. А гуращэ дыдэр иIэу, Бэлэтокъуэхэ ящIыщ щIалэ гуэр, Етэч и къуэ Асльэнбэчкъ зэджэу щытар, абзэзэхэ пщащэ кьишэну пыIыдуэ жаIэ. Пащащэ Джэтауэхэ япхуэт. Хъыдыжьей кьуажэм дэсыгъащ. Пщы щалэм кьимыгъэпсэухээ щыхьэм, пщащэм мэуэ кьыжриIэгъащ:

- Уэ уи фIэщмэ, сэри си фIэщу бжеIэнщ: сьбдзкIынукьым.

Пщы щалэ пагэм ар игъэщIэгъуащ: Iэпэ эхуунщI уэрэкъ пщащэр кьыдэжIынкIэ мэгугъэ, мы лъхуэкъуэлI хъыджэбзым щхьэ кьигъэщIэхъуа!

- Сыт щхьщыщздэмыкIуэнур? - еупщIащ ар пщащэм.

- СыщыбдэмыкIуэнур,- жэуап кьритыжащ пщащэм,- сэ уэ фызы сыпхуэхъунукъым, уэри сэ лIы усхуэхъунукъыми, аращ. Сэ лIы схуэхъунур и фочрэ и фIанэрэ зэдиIыбгыу губгъуэм ихьэрщ: зауэхуэмэ, и фIанэр игъэтIылъэрэ зауэм Iухьэу, зауэм кьыIуэкIжмэ, и фIанэр кьиштэкIрэ и Iуэхум еввэлIэжу. Апхуэдэщ сэ лIы схуэхъунур.

Уэрэдми мыпхуэдэу халхьхэжыгъащ ар:

Хьыдыжьей джабэр
кьыбоГъэнэху,
Хьэщацэ дахэ!

БзэгъэкIуэ Жамболэти, абзэзэхэ щакIуэ цIэрыIуэм и щытхъу щыжиIэкIэ, а гуращэ щэхур кьуэлIт. «ГъущIипсэ Абзэзэхэм щалъытэ, и псалъэ цIыхум хозагъэ. Жилэм епцIыжырыбзыкъ, цIыху- гъэ хэпщI. Благъэ тхуэхъумэ, мылькукIэ кьыдэтхьэхмэ, гуэзвэгъуэ кьыщытIупльэскIэ, Абзэзэхэр дэIэпыкъуэгъу кьыгъэщIыфIыпуф», - арат Жамболэтыпщым эпщIыр эщIэр.

Дунейр щэрхщIэ, мэкIэрахьэ. Жамболэтыпщым и кьуажэр Лабэ пэмыжьыжьэу Хуарэз Iуфэ Iуст. Бжьыкьэпэ пщэдджьжь гуэрым нэтIуей дзэшхэу, Лабэ кьыIэпрыкIри, Жамболэтым и жылэм кьыпэтIысац.

Нэхущым деж нэгъуей дзэпщым и лIыкIуэхэр, адыгэбзэ эщIэ эрмэщи ящIыгъу, кьуажэм кьыдыхьащ. Дзэпщым кьатпуфыдыр кьажаIац лIыкIуэхэм: хьыджэбзищэ, щIалищэ, шы мин, былымуи апхуэдизэ. Пальэу кьаритри мы бжьыкьэращ. Бжьыкьэм фIагъэкIмэ, жылэр зэрипхъуэнуц. Кьапмубыдыр эщIэр.

Жамболэтыпщым хьыбар кьыхуэхъащ: кьуажэм щыщ, щыIакъым, - ар кьыIуэкIыжащ. Ауэ быныр кьеныпхьан хьумэ... Пщым жиIэнум пэпIэу зэкIэ заIэжьэ цIыхум, хэкIыпIэ кьигъэуэтIнкIэ щогуф. ХэкIыпIэ ямыгъуэту, цIыху ятыну еввэлIамэ... Пщым жиIэми емыпIлыжу, зыкьаIэтынщи, щхьэж и

- А Iуащхьэ фIыщIэм и кIуэцIым сатыру зэблэдзауэ пхъэ щыIэтелIщ. Пхъэ сатыр зэхуакухэм Iуэ! мывэ кьутарэ мывэ фIащIрэ дэкIуащ. Пхъэ зэтелIхэм ябгъукIэ пкъоушхуэхэр щыхэсащ, пкъо щIыфэр ятIэ IувкIэ ижащ. И щагъымкIэ жьы щIэхупIэ иIэщ, Iуащхьэ щыгури хьэкуцхьэм хуэдэщ. МафIэ щIадзэри зы жэщ-махуэкIэ мэс, мафIэр гуащIэ щыхьэкIэ, гъущIыр мэткIу, гъущ ткIыар хьэжу лъабжьэмкIэ кьыщIожри, щIы кьабзэм кьытотыладэ. УпщIыIуэ нэужь, гъущIыр зэпаупщIри, унагъуэ-унагъуэкIэ ягуэшыж.

- Гъущ1 мывэр дэнэ кьрахрэ?

- Бгы лъапэ гуэрым кьыщIащ.

- Мывэ фIамыщ1 жыхуэпIэри сыт зищIысыр?

- Лабэ ЦыкIу адрыщIкIэ Урущтэн и хэхуэжьыпIэм деж кьыщIащ, мафIэ эр хидзамэ, лъэщу мэс. Пхъэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ гуащIщ.

Зи Iуэху и ужь ит цIыхухэм пльакIуэу яхьыхэн кьримыгъэкIуу, щIалэр Iуащхьэм блэкIащ. Заулрэ щымащ, и гупсысэр гъущI гъэткIуэдэм иубыдауэ.

- Мопхуэдэу ягъэткIу гъущIыр гъущ1 тэмэм хьурэ?

- ПхъашэIуэ мэхъу, ауэ гъукIэхэмрэ фочыщIэхэмрэ япсыхьыж.

- Фочыщ1э куэд фиIэ? Iэзэ яхэт?

- Куэдым ящI фоч. Дэнэ жьыи дэсщ фочыщIэ. Мыхэр нэхъ Iэзэщ жари, Бэтмыт Мысост, Дзыбэ Хьэуд, Бжэнащэ Исмел, БрантIэ Гъужьвыгъ, Iэшхьэмахуохьэу ЩаукIэс сымэ я цIэ кьраIуэу зэхэсхащ. Сэ зи цIэ зэхэзымыхаи цIыIэ хьунщ.

Псы цIыкIу гуэр зэпаупщащ. КIэмыргуей щIалэр аргуэру щIоупщIэ:

- Бгы кьуагъым фыкьэусщ, гын дэнэ кьиифхэр?

- Хы Iуфэм кьыщIдощэху. Ауэ гын щIыкIэ зыщIэхэри диIэщ.

- Сыт кьызыхащIыкIр?

- Джэрдэ удзым кьихащIыкI.

- Джэрдэ удзым? - игъэщIэгъащ щIалэ хьэщIэм.

- Ы. Джэрдэ удзым, мис а вэнькьым щыкI удзыжьым.

- Дауэ кьызэрыхащIыкIыр?

- Хьуа нэужь, джэрдэрым и щхьэкIэ пльыжьыр кьыпаупщI, гъуапIэ тасыщхэм иракIуэри ягъавэ. ЩыупщIыужкIэ, удзым кьыщIэвыкIа псым мылым хуэдэу зыгъэр трещIэ. Аращ гын мылкI эзэдкэр. Гын мылкI ящIэ щIыIэ, ящщэб. Абы пхъэ фIамыщI щабэ хагъэзэрыхьри, вы щэрыбым иракIутэ. Щэрыбгр куэдрэ игъэджэрэз. Ещанэу нэгъэщIу гуэри хальхьэ, ауэ а ещанэу халхьэр сщIэрыкьым.

- Гын тэмэм хьэр ар?

Хы щыбым кьраш гыным хуэдэ ар хьункьым, итIани уи гуэрвэгъуэ дегъэжI.

- Уэ фоч уиIэ?

- МыщIагъуэ дыдэми, зыгуэр сиIэщ. Фочыр лъапIэщ...

- Гъущ1ыпсэ! - еджащ хэгъэрей щIалэр лIы жейм. - ЩIалэ хьэщIэ кьыпхуэкIуащ!

- Сыт жыIпа, си щIалэ? - кьызэфIэтIысхьащ Гъущ1ипсэ.

Гъущ1ипсэ и щакьымрэ и пльэжIамрэ кьигъащIэри, кIэмыргуей щIалэр, лъэмыкIыу, лъэбакъуэкIэ кьыIэщIэкIуащ. И щхьэр выщхьэ хуэдизэ хьунт. Нат1абгъуэщ, нэнкьпэпкъ пIащэщ. И пащIэ-жьакIэр зыпкъым щыуэдэщ, зэщIэкIэжащ, и нэкIум нитIымрэ пэшхуэмрэ фIэкIа тепльагъукIыркъым. Мэлыхьыпл1э жьыхуэIэм хуэдэщ, и макъыр мыщэ гъуахьуэ макъым кумыгъэщхьынумэ, зыхуэдэр пщIынукъым.

-ХьэщIэ жоIэ? ХьэщIэмэ, дэгъуэкъэ. КьэтIыс, си щIалэ, - жиIащ ГъущIипсэ уафэрэгъуагъуэ маккIэ.

- Хьэуэ, тхьэм угъэпсэу, сэ тIысысIыр щысыгъуи сиIэкъым, Iуэху гуэзвэгъуэкIэ ди пщым уи деж сыкьигъэкIуащ, - жери щалэм кьызытекIухьар хуиIуэтащ.

- Арами, кьэтIыс, сыцIыс. Сэ иджпсту зыкъэсхуэпэщ, емыкIу сыкъыумыщI сыщылъу укъыззрыслущам щхьэкIэ.

Абдежым, гумэщIыщхуэ игу иIыным игъэпIапкъуэри, щIалэм хабзэ имыщIэу зыкьигъэльэгъуащ.

- Хьэуэ, тхьэм угъэпсэу, тIысыгъуэ сихуэнжьыкъым. Ди пщым хуэсхьыжьыну жэуапыр кьызжеIпэмэ, сежьэжьынт - псынщIэу сынэсхьыжьынукъым, - тIысын идакъым кIэмыргуей щIалэм.

Гъущ1ипсэ и нэгур кьыззхэуащ. Еплпыхьыу тIэкIуэр щысри, а зэреплпыхьым хуэдэу кьыдэпсэльеящ:

- АтIэ, апхуэдизу ущыпIащхьэ, кIуэж. Жамболэтыпщми хьыбар лъэIэсыжьынщ...

ЖиIэнури ищIэнури хуэзмыгъэпэщу, щIалэр заулрэ iянкуащ.

- Сыт жэуапу схьыжьынур?- губгъэнщIу макьыкIэ щIэпщIащ ар.

- Бжеслар жеIэкIэ: «Жамболэтыпщым жэуап лъэIэсыжьынщ» жиIащ жьIэ. - Абы нэхъ кьыфIымыгъэжьыу, щIалэм кьемыдпIэжжу, и гущIыIу дзгъэзеяуэ пIэщхьагъым зытригъэщIэжащ ГъущIипсэ.

И гур еуэхзауэ, щIалэр щыIэм кьыгтекIыжащ. КьыщыкIуэм, сыт хуэдиз гуэзвэгъуэ тельами, гуГъапIэ тIэкIу иIэт. Зи щытхъу Iэджэ зэхихэ ГъущIипсэр дэIэпыкъуэгъу кьаззрыхьуэхъунум шэч кьыззрытрихьэщIыжтэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, абзэзэхэ цуэхэр ешыщIыпу кьыдзэкIуэнкIэ гугъэрт. Иджы... ГъущIипсэм зэрыщIыгъуаврэ кьыззрыщIэжьжамрэ хуэзхуэгъэхъуркъым. Игу ебгащ.

Пщы щалэм кьытекIжащэ кьыздзэкIуэжьмэ хэгъэрей щIалэмэ псэлъэгъу хуэхъуэжакъым, нэщхьеIуэ, еплпыхьы иуужкъэм кьыдыхьэжащ.

Ерагъыу кьыдришеIуэ хэгъэрей щIалэм сэлам ирихьжри пхъэкъуэрэ зрыдзауэ, дыгъэ къухьэгъуэм Куцы псыхьуэ кьызэпиупщIьжащ, я жьлэ кьыхуеIэу гъэзгу кьытехьэжа нэужьщ щIалэм и гур щыкIуэдыпар. «ГъущIипсэ абзэзэхэмэ щыгугъынщ щыIэжьым... СыздэкIуэжми хэт дыщыгугъын?.. Жылэм псэууэ саIущIэжьми саIумыщIэжьми.. Сахуэ хьуарэ Iугъуэр щхьэщихуу срихьэлIэжьми саIумыщIэжьми.. Сахуэ хьуарэ Iугъуэр щхьэщихуу срихьэлIэжьми хэльщ...» - гуфысасIэуэщхуэм хэхуэгъуэ кьитхьэжащ лIыкIуэ щIалэм.

3

ЖАМБОЛЭТЫПЩЫМ иужьрей пIалъэу иэгъуейхэм щхьэусыгъуэ защIэкIэ къаIихьфар зы пщэдджьжьщ. А пщэдджьжьрэ гъэщIэгъуэ защIэкIэ къаIихьфар зы пщэдджьжьщ. А пщэдджьжьрэ гъэщIэгъуэ защIэкIэ къаIихьфар зы пщэдджьжьщ. ГъущIипсэ дежи игъэIуIа щIалэрэ Iэнэщ1у нэхущым кьэхихьыщ. ЛIыкIуэм кьихьа жэуапым игу кьыщIимыуфыдами, гугъапIэ мащIэ кьрита хуэдэщ. ИтIани ГъущIипсэ кIыхьэ щIалэм кьыззрыуIащ: - «Жамболэтыпщым жэуап лъэIэсыжьынщ» кьыззрыжьэгъэхъуркъым. «Си псалъэ согъэпэж» жиIэу сытми Iэхьуэтегъэжьыу гугъапIэнщ хьыбар гуэр кьыIыгъэльгъэ гъэтIысыжьынт? Хьэмэрэ щалэм игу кьебгъэу эмыпIть кьритауэ ешам дэIэпыкъуэгъу хьуну зигъэхьэзыррэ? Дэтхэнэм триубыдэнуми имыщIэу, зыхэт гуэзвэгъуэм и щIыIуэ кьигъэIуа щIалэрэ кьыхьыхьащ, пщыр гупсысэм еуKI.

Дыгъэ кьыщIэкIыгъуэм иригъэлIэу кьэсахэу, нэгъуей лIыкIуэр Жамболэтыпщым и хьэщIыщм щэсщ. Щы мэхьу, тэрмэшыр еплIанэу; упщIэ пыIэ тэрэфарэ кьащхьэрыкъуауэ, я нэ мыджьлу, псальи жамыIэу зэхэсщ. Зэресагъэжьу, я лъакъуэхэр щIэуэщIащ, щэхт ежьмк, Заудыгъуаэу щысхэщ, заплIыхьыкъым, я нэщхьэр зэхэлIщ, фагъуэхэщ, лъы ткIуэпс ящIэту пщIэнкIым - нужьрей жэуапым кьыIэпIыщ.

ЛIыкIуищIыр еэы нэгъуейхэм я фащэкIэ хуэпащ. Я абэхэр данэ лъапIэм кьыщIыкIащ. Синоп кьрыщ букаран щэкI кьуэлIэн лъапIэр я бгыщIэпхэщ, Астара щащIбукаран джанэ ящIащ.

Жамболэт щэч ещI лIыкIуэхэр нэгъуей лIакъуэлIэщхэм ящыщкIэ. Ещы кIэмыргуеипщым и цIыху лъэпкъыгъуэщ, щыри зыхуэдэр дзгъэуу кьыгуроIуэ: я тетыгъуэм кьыкьоугушхуI, я унафэ кьыззрызыуфыфыи щымыIэу зыщогугъыкъ. ЦIыху гъэпщIлIыным, цIыху гъэуIыниным, жылагъуэ зэрыпхъэуным есащ ахэр, я хабзэри залымыгъэрэ кьарурэщ. ЦIыхур гуэзвэгъуэ хадзэныр зыуи къащIыхьуркъым.

(КъыкIэлыкIуэнущ).

- ГъущIипсэ! - еджащ хэгъэрей щIалэр лIы жейм. - ЩIалэ хьэщIэ кьыпхуэкIуащ!

- Сыт жыIпа, си щIалэ? - кьызэфIэтIысхьащ ГъущIипсэ.

Гъущ1ипсэ и щакьымрэ и пльэжIамрэ кьигъащIэри, кIэмыргуей щIалэр, лъэмыкIыу, лъэбакъуэкIэ кьыIэщIэкIуащ. И щхьэр выщхьэ хуэдизэ хьунт. Нат1абгъуэщ, нэнкьпэпкъ пIащэщ. И пащIэ-жьакIэр зыпкъым щыуэдэщ, зэщIэкIэжащ, и нэкIум нитIымрэ пэшхуэмрэ фIэкIа тепльагъукIыркъым. Мэлыхьыпл1э жьыхуэIэм хуэдэщ, и макъыр мыщэ гъуахьуэ макъым кумыгъэщхьынумэ, зыхуэдэр пщIынукъым.

-ХьэщIэ жоIэ? ХьэщIэмэ, дэгъуэкъэ. КьэтIыс, си щIалэ, - жиIащ ГъущIипсэ уафэрэгъуагъуэ маккIэ.

- Хьэуэ, тхьэм угъэпсэу, сэ тIысысIыр щысыгъуи сиIэкъым, Iуэху гуэзвэгъуэкIэ ди пщым уи деж сыкьигъэкIуащ, - жери щалэм кьызытекIухьар хуиIуэтащ.

- Арами, кьэтIыс, сыцIыс. Сэ иджпсту зыкъэсхуэпэщ, емыкIу сыкъыумыщI сыщылъу укъыззрыслущам щхьэкIэ.

Абдежым, гумэщIыщхуэ игу иIыным игъэпIапкъуэри, щIалэм хабзэ имыщIэу зыкьигъэльэгъуащ.

- Хьэуэ, тхьэм угъэпсэу, тIысыгъуэ сихуэнжьыкъым. Ди пщым хуэсхьыжьыну жэуапыр кьызжеIпэмэ, сежьэжьынт - псынщIэу сынэсхьыжьынукъым, - тIысын идакъым кIэмыргуей щIалэм.

ГъущIипсэ и нэгур кьыззхэуащ. Еплпыхьыу тIэкIуэр щысри, а зэреплпыхьым хуэдэу кьыдэпсэльеящ:

- АтIэ, апхуэдизу ущыпIащхьэ, кIуэж. Жамболэтыпщми хьыбар лъэIэсыжьынщ...

ЖиIэнури ищIэнури хуэзмыгъэпэщу, щIалэр заулрэ iянкуащ.

- Сыт жэуапу схьыжьынур?- губгъэнщIу макьыкIэ щIэпщIащ ар.

- Бжеслар жеIэкIэ: «Жамболэтыпщым жэуап лъэIэсыжьынщ» жиIащ жьIэ. - Абы нэхъ кьыфIымыгъэжьыу, щIалэм кьемыдпIэжжу, и гущIыIу дзгъэзеяуэ пIэщхьагъым зытригъэщIэжащ ГъущIипсэ.

И гур еуэхзауэ, щIалэр щыIэм кьыгтекIыжащ. КьыщыкIуэм, сыт хуэдиз гуэзвэгъуэ тельами, гуГъапIэ тIэкIу иIэт. Зи щытхъу Iэджэ зэхихэ ГъущIипсэр дэIэпыкъуэгъу кьаззрыхьуэхъунум шэч кьыззрытрихьэщIыжтэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, абзэзэхэ цуэхэр ешыщIыпу кьыдзэкIуэнкIэ гугъэрт. Иджы... ГъущIипсэм зэрыщIыгъуаврэ кьыззрыщIэжьжамрэ хуэзхуэгъэхъуркъым. Игу ебгащ.

Пщы щалэм кьытекIжащэ кьыздзэкIуэжьмэ хэгъэрей щIалэмэ псэлъэгъу хуэхъуэжакъым, нэщхьеIуэ, еплпыхьы иуужкъэм кьыдыхьэжащ.

Ерагъыу кьыдришеIуэ хэгъэрей щIалэм сэлам ирихьжри пхъэкъуэрэ зрыдзауэ, дыгъэ къухьэгъуэм Куцы псыхьуэ кьызэпиупщIьжащ, я жьлэ кьыхуеIэу гъэзгу кьытехьэжа нэужьщ щIалэм и гур щыкIуэдыпар. «ГъущIипсэ абзэзэхэмэ щыгугъынщ щыIэжьым... СыздэкIуэжми хэт дыщыгугъын?.. Жылэм псэууэ саIущIэжьми саIумыщIэжьми.. Сахуэ хьуарэ Iугъуэр щхьэщихуу срихьэлIэжьми саIумыщIэжьми.. Сахуэ хьуарэ Iугъуэр щхьэщихуу срихьэлIэжьми хэльщ...» - гуфысасIэуэщхуэм хэхуэгъуэ кьитхьэжащ лIыкIуэ щIалэм.

Жамболэтыпщыр нэгъуейхэм ягуроIуэ.
Сурэтыр **Рихтер Уилибалд** *ищIащ. 1854 гъэ*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Гулъытэ щремыщIэ

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу ди республикэм Іуэху дахэ куэд щекIуэкIащ. Апхуэдэ-хэм ящышщ Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центру Нартхьалэ датым къыщыІэрагъэпэщар. Іуэхущ Іапім щыIэ сабийхэр гъэсу фIэныр зи жэрдэмыр центрыр зи нэІэм щIэту лажьэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэрщ, КъБР-м Жылагъуэ, дин эгуукъэныгъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и къэрал комитетым къыдиІыгъыу.

ЦIыкIУХЭМ я махуэшхуэр хуагъэпсынкIэ, абыхэм тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ яхуэунэсну, я псэ хуабагъэмкIэ ядэгуэшэну куэдым зыкъорагъэкъэлIат зэхуэсым. Апхуэдэт КъБР-м и Бзыльхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шорэ Раисэ. - Насыпыфэу зыкъэслыгъэжьнущ, ди гу хуабагъым щыщ Іыхьэ мащIэкIэ нобэ мы цIыкIуэм дахуэунэсэфамэ. ЩыдвмыгъэгъащIэ зэи ахэр ди гулыытэ.

ТАМБИЙ Линэ.
Аруан куей.

Гъэмахуэм и ятэ махуэм ягъэльапIэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэшхуэр. Абы ирихьэлIэу дэнэкIи къыщыІэрагъэпэщ зэхыхьэ гуапэхэр. Ди республикэм и Жылагъуэ палатэм, хабзэ дахэ хуэхъуэу, апхуэдэ Іуэхуфlхэм зыхигъэныркъым. Мы махуэхэм абы и лIыкIуэхэр щыІащ Республикэ сабий унэм.

ЖЫЛАГЪУЭ палатэм узыншагъэр хъумэныкIэ, демографие политикэмрэ экологиемкIэ и комиссэм и жэрдэмкIэ, зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр сабийхэм яхуэкIуащ, зыхуеину хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, ерыскъыпхьэ эхъуэмыдэхэр хуашэри. ЦIыкIуэр хуабжу къащыгуфIыкIащ хъэщIэхэмрэ абыхэм къыхуахьа тыгъэхэмрэ. Апхуэдэ гулыытэр цIыкIуэм я мызакъуэу, гуапэ щыхъуащ Сабий унэм и унафэщI Гущал Людмилэ.

Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и унафэщI Исаевэ Татьянэ зи пашэ хьэщIэхэм зрагъэльэгъуащ сабийхэм я псэукIэ-щIэкIэр. Ахэр цIыкIуэхэм ехьуэхьуащ узыншагъэ, дэрэжэгъуэ, зэІуэпэщыгъэ яІэну, Іуэхущ Іапім и лэжьакIуэхэми я лэжьыгъэ гупэм ехьулIэныгъэфIхэр щызыІэрагъэхьэну зэрагуапэри кьыхагъэщащ. Жылагъуэ палатэм и лIыкIуэхэм жаІащ сабийхэр зыхуэей хуэгъэзэнэр дапщэщи я нэІэм зэрыщIагъэтынур.

ОЛЬМЕЗОВ Расул,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ Іапім и лэжьакIуэ.

Къеблагъэ, гъэмахуэ!

Дахэу, Іэтауэ щрагъэкIуэкIащ сабийхэм я махуэшхуэр Прохладнэ куейм. Дауэдапщэхэр къызэгъэпэщыным хэтащ щIыпIэм и Іуэхущ Іапім, Іэнатlэ куэд. Апхуэдэт щэнхабзэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ Іэщ ІагъэлIхэр, спортсменхэр, егъэджакIуэхэр, жылэхэм я администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, дауи, адэ-анэхэр.

КУЕЙ администрацэм щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и хъыбарегъащIэ-методикэ центрым и унафэщI Ступеньковэ Ольгэ зэрыжиІамкIэ, махуэшхуэр щIыпIэм нэгуныжьыу щекIуэкIащ. Сабийхэр еплъащ концерт зэмылIэужьыгъуэхэм, театр теплъэгъуэ кIэщIхэм. Апхуэдэу ахэр хэтащ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм, эстафетэхэм, викторинэхэм.

Солдатскэ станицэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и бжэІупэм щызэхуэса сабийхэм хьэщIэ гъэщIэгъуэныщэт а гъэмахуэ пщэдджыжьым къахуэкIуар. «ИщхъэрэкIэ кIуэжь Уае Дадэр я дежкIэ «щыблэкIым», цIыкIуэм къахуригъэувэхащ мороженэ зэрылъ ашык зыбжанэ. Махуэшхуэмкіэ кIэщIу къехъуэхъущ, сэлам къарихыжри, и гъуэгу теувэжащ.

Алътуд, Къэрэгъэш къуажэхэм я щэнхабзэ щIыпIэхэм щызэхуэсат сабий 500-м нэс. Ахэр къэфац, джэгуац, я нэгу зрагъэужьащ. Апхуэдэ гуфIэгъэуэ зэхьыхьэхэр щекIуэкIащ куейм хыхьэ адрей жылэхэми. «Дэ ЩIы хъурейм дрисабий насыпыфIэщI!», «Къеблагъэ, гъэмахуэ!» махуэшхуэ концертхэм сабии балигъи дихьэхыу еплъащ.

АБЫКЪУ Нунэ.
Прохладнэ куей.

Хабзэ дахэ

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр дахэу щагъэлъэпIащ Бахьсэн куейм. Куба къуажэм щыхуэсэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ дот центрым щыIэ сабий 45-м я деж щыхьэщIащ щIыпIэ администрацэм и унафэщIхэмрэ «Урысей зэкъуэгъэ подитик» зыгъэтым куейм щIэ кудамэм и лэжьакIуэхэмрэ.

ЕРЫСКЪЫ щIэщыгъуэ, Іофы кIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыхуашам нэмыщI, центрым и гъэсэнхэм тыгъэ хуащIащ сабий тхылъыр журналу 120-м щIигъу. Ахэр куейм щызэхуахьэсащ, абы кьыщызрагъэпэща «Буккроссинг» псапащIэ Іуэхум ипкъ иткIэ.

- Тхылъыр тыгъэ нэхьыфI дыдэщ, - жаІэрт центрым щыIэ сабийхэм. - Апхуэдэ гулыытэхэу кьытхуэзыщIа балигъхэм фIыщIэ яхудощI, кьытхуаша тхылъхэми журналхэми тфIыхьэлIмэту, зэІэпытхэу дыкъеджэну кьыдогъэгугъэ.

АЛОКЪУЭ Ариэ.
Бахьсэн куей.

Гукъыдэж зиІэхэм Іэмал ягъуэт

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм къепхауэ лажьэ «Наркологие диспансерым» и «Ныбжьыщ Іэ» республикэ реабилитацэ центрым щыІэхэм тыгъэ гуапэхэмрэ саугъэт цIыкIуэхэмрэ хуащIащ абы щылажьэхэм.

Я НЭІЭМ щIэт ныбжьыщIэхэм, унагъуэ «гугъуэхэм» кьаэхкIахэм, армырами гулыытэ хэха ягъуэт гъэ еджэгъуэм кьриубыдэу, арщхьэкIэ мэкъуаугъуэм и 1-м абыхэм кьыхуэзрагъэпэща махуэшхуэр щIыкIуэхэм гуимыхуж ящыхуащ. Сабийхэм балигъхэр яхуэупсащ IэфIыкIэкIэ, тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ.

- А Іуэху дахэм кьыдэкIуэу, дэ доІаІэ ди гъэсэнхэм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэмэ. Гъэмахуэ лагерхэм щIэнщIу зыщIагъэпсэхунущ, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнущ ди нэІэм щIэт сабий 200-м щИигъу, - жеІэ Наркологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Пашевкин Олег. - Лэжьану гукъыдэж зиІэ ныбжьыщIэхэмэи апхуэдэ Іэмал ягъуэтынущ: а Іуэхумкіэ абыхэм сэбэн къахуэхъунущ КъБР-м ЦIыхухэр лэжьаПІэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ и къэрал комитетыр. Ныбжьыщ Іэхэр щылажьэ хъунущ щIыхуэхэр Іуэхутхьэбзэ щыхуащIэ Іэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

УЭСМЭН Марин э,
КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапім и лэжьакIуэ.

Егъэджакіуэ ныбжьыщIэхэр утыку къохьэ

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Иджыблагъэ Владикавказ щекIуэкIащ «Сыдзыхьхэм я дунеи» зи фIэщыгъэ, анэдэлъхубзэр езыгъэджэм я етIуанэ творческэ зэхьэзэхуэр. «Дэ дызэмыщхьми, дызэхуэдэщ» кьыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIа зэпеуэм хэтащ Дагъыстаным, Къэрэшей-Щэрджэсым, Щэпсэным, Ингушым, Къэбэрдей-Балькъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр.

Сэмэгумкіэ къыщыщIэдзауэ: **Къалмыкъ Индирэ, Асановэ Мариям, Солтановэ Джульетэ** *(Осетие Ищхъэрэ - Алание),* **Инчий Ириндж, Цакоевэ Зухра сымэ.**

Ар кьызэригъэпэщащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьэ и институтым, Жылагъуэ, къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэр и дэIэпыкъуэгъуэ. Зэпеуэ-фестивалым и кьалэн нэхъыщхьэр егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я творческэ Іуэху бгъэдыхьэкIэм зегъэужьыныр, анэдэлъхубзэр езыгъэджэм я пщIэр къЫэтыныр, я Іэщ Іагъэм хагъэхьэн папщIэ Іэмалхэр кьахуэзгъэпэщыныр, абыхэм я творческэ екъулIэныгъэхэм жылагъуэр щыгъэгъуэзэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хэтащ КъБКъУ-м ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балькъэрыбзэмрэ литературэмрэ я теориемрэ методикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Инчий Ириндж зи пашэ гупыр. Кафедрэм и лэжьакIуэ Цакоевэ Зухрарэ Инчий Ириндж ягъэхъэзырат Налшык къалэ дэт 5-нэ курыт школым пэщIэдзэ классэр щезыгъаджэ Къалмыкъ Индирэрэ курыт школ №11-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Асановэ Мариямрэ.

Къалмыкъ Индирэ и Іэнатlэм зэрыпэрыувэрэ мазий хьуэу араш, ауэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, кьыхиха Іэщ Іагъэм хуэшэрыуэ щIыху Іэдэбу зыкьыгъэлъэгъуащ а зэман кIэщIым кьриубыдэу. Зэпеуэшхуэхэм иджы ятэу хэтауэ арами, зэхьэзэхуэм и зы унэтIныныгъэм ятэ увыпIэр къыщихьыфащ Индирэ, щIыхь тхылърэ саугъэтрэ къратащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мызыгъуэгум екIуэкIа зэхьэзэхуэр «2011 - 2013 гъэхэм Осетие Ищхъэрэ - Аланиер экстремизмым пэщIэтыным теухуауэ» республикэ программэ хэхам ипкъ иткIэ кьызэрагъэпэщауэ зэрыщытар. УнэтIныныгъищкIэ зэщхьэщыха зэпеуэм дэтхэнэзри жыджэру хэтащ. Ятэ увыпIэр хуагъэфэщащ. Щэщэн Республикэм кьикIа Асуевэ Румизэ. Зэпеуэ-фестивалым и хабзэращи, кьыкIэльыкIуэ зэІущIэр щекIуэкIыр текIуэныгъэ къзэхьам и лъаэрщ. Абы ипкъ иткIэ, анэдэлъхубзэхэр егъэджыным, хъумэным зи гуащIэ хэзылъхьэ, кьыдэкIуэтей щIэблэр зыгъаэ, Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ зыгъбыдэ егъэджакIуэ зэчиІэфIэхэр етIанэгъэ Щэщэн Республикэм щызэІущIэнущ.

Зэпеуэм кьрихьэлIа гупхэм я унафэщIхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ кьызэгъэпэщакIуэхэм икIи дяпэкIи купщIафIэу зэдэлэжьэну зэгурыІуащ. КъБР-м икIа гупым я пашэу щыта Инчий Ириндж кьыджалIэ зэхьэзэхуэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным, зым адрейм и щэнхабзэм нэхъ кууу щыгъуазэ зыхуищIыным, сабийхэр тэмэму гъэсэным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэщIэгъэзэГуэным ехьэлIауэ Іуэхущхуэ щIэщыгъуэ, зэрыжьыгъащи, щекIуэкIынур Щэщэн Республикэращ. Фыгу кьыдгъэкIыжащи, нэгъабэ екIуэкIа зэпеуэм ятэ увыпIэр къыщызыхьа оселтин егъэджакIуэм зы балл закъуэкIэщ ди Пэщол Сакимэ кьызэрыкIэрыхуар. Ари ехьулIэныгъэшхуэзу кьыдольытэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир э.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

ХАБЗЭХЪУМЭ Іэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм КъБР-м щызеуэ щIэпхьаджащIэ гупым щыщхэр Іуэхуэ щыІэ. Ахэр цIыкIуэхэр, 2012 гъэм зэкъуэгъэгъуэм и 2-м сыхьэт 23-рэ дакъикьэ 20-м Бахьсэн кьалэм и гъунэм - Бахьсэн кьалэ икIыу Кременчуг-Константиновкэ кьуажэм кIуэ автомобиль гъуэгум метр 800-кIэ пэІэщIэу щыІэ мэзыльэм деж - кIуэпІэ ирамыту щIэпэуващ Іэщэкіэ зэщIэуэзда бзаджащIэхэм, я щIэтгъэкъэунэхэр ящIыгъуу автомашинэкIэ кьыІухьахэм. Абыхэм зыкьэтыныу хуагъэзува щхьэкIэ, ямыдэу Іэщэ кьащтащ. А зэхэуэм зы бзаджащIэ щаукIащ, етIуанэм мэзым зыщигъэпщкIуащ. ФСБ-м и щыІэ МВД-м и лэжьакIуэ ЛІызам жьакIуитI уІэгъэ хьуащ.

Зэраубзыхуамкіэ, яуклар 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 10 къандэрэ къэралым кьыщалыхьуэ, 1988 гъэм кьалъхуа ЛІэужь Тимур Асльэн и къуэрщ.

Зэпэщэувэныгъэм уІэгъэ щихьуащ ЛІэужьым и адэ-анэр: 1954 гъэм кьалъхуа ЛІэужь Асльэн Кьанщобий и къуэмрэ 1958 гъэм кьалъхуа ЛІэужь Ритэ Хьэзешэ и пхъумрэ. Ахэр кьалыхьуэу бзаджащIэхэм, я щIэтгъэкъэунэхэр ящIыгъуу автомашинэкIэ кьыІухьахэм. Абыхэм зыкьэтыныу хуагъэзува щхьэкIэ, ямыдэу Іэщэ кьащтащ. А зэхэуэм зы бзаджащIэ щаукIащ, етIуанэм мэзым зыщигъэпщкIуащ. ФСБ-м и щыІэ МВД-м и лэжьакIуэ ЛІызам Мурат, 2011 гъэм и щІышылэм милицэм и майор Мэлыхьуэ Аскэр, 2011 гъэм и мэкъуаугъэгъуэм милицэм и полковник Багъэтыр Хьэсэн сымэ зыкьыхьакIэм, мы гъэм накьыгъэм Бахьсэн куей администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн Іэщэкіэ теуахэм зэрапыщIам щыхьэт техьуэ хьабарэр.

ЩIыпIэм кьыщагъуэтащ щалъэ уэздауэ 5 зыщIыгъу автомат, зы щалъэ зыщIыгъу кІэрахьуэ (ФСБ-м и лэжьакIуэр щауклам ядыгъуар), Ф-1 гранатэ, камуфлированиэ фащэу 2, щэ зыпхымыкI фащэ.

Уголовнэ Іуэху кьалэтащ. Следствэ лэжьыгъэм адэкIи пащэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыкIуэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьжыкьаэр Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIапIэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапім эхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-мохъмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ - 47-32-15; зэдзэкIаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапім эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуитьуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм я жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапім №II-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Регграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокьуэ Эллэ, редактору ЖЬэкIэмыкIуэ Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инир** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорэм я дэІэпыкъуэгъу* **Щомахуэ Залинэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.100 ● Заказ №1472